

Nama/No :

Hari,tgl :



Wacanen !

KURAWA LAN PANDHAWA

Raden Dhestarastha iku putrane Wicitrawirya karo Ambika. Lan duwe adi jenenenge Pandhudewanata nanging saka ibu Ambalika. Raden Dhestarastra krama karo dewi Gendari. Kagungan putra cacahé satus, antarane Duryudana, dursasana, Durmuka, Durmaganti, Citraksa, Citraksi, Kartamarma lan isih akeh menèh nanging sing wedok mung siji kang jenenge dursilawati. Gandheng cacah satus mula diarani Sata Kurawa. Bala kurawa iku racaké duwe watak dengki, srei, jail, methakil, daksiya sapa-dha-padha. Sing diagungake tumindak dursila. Gandheng Raden Destharastra kuwi wuta sing dadi ratu ana Ngastina Raden Pandhudewanata.


Raden Pandudewanata krama karo Dewi Kunthi lan Dewi Madrim. Karo Dewi Kunthi kagungan putra telu yaiku: Puntadewa utawa Yudistira ratu ing Ngamarta, Werkudara utawa Bratasena satriya ing Jodipati, sing panengah Janaka uga aran Arjuna satriya ing Madukara. Dene karo dewi madrim kagungan putra kembar aran Nakula karo Sadewa. Nakula satriya ing Sawojajar lan Sadewa satriya ing Bumi Retawu. Putrane Raden Pandudewanata diarani pandhawa amarga cacahé lima.

Pandawa lan Kurawa duwe guru yaiku Begawan Durna saka padepokan Sokalima. Sadurunge Prabu Pandhudewanata seda meling karo Raden Destharastra supaya NgASTINA besuk dipasrahake Pandhawa yen wis pada gedhe. Nanging Raden Destharastra mblenjani janji. Kraton dipasrahake marang raden Duryudana putrane sing gedhe dewe.

Pandhawa ora narimakake banjur njaluk baline kraton Ngastina. Prabu Duryudana sak sedulur cukeng ora gelem masrahake. Gandheng Kurawa kenceng ora gelem diajak apik-apikan, wusanane kapeksa Pandhawa ngrebut Kraton Ngastina sarana perang. Perange Kurawa lan Pandhawa mau diarani perang Barathayuda.

Pandhawa diemong dene abdi titisane dewa cacahé papat kang aran Punakawan yaiku Semar lan anak – anake. Punakawan duweni watak kang becik. Semar duweni ciri sirahe madep mendhuwur kang ateges dadi wong kudu eling marang sing gawe urip. Anakake Semar sing nomer siji jenenge Gareng duweni ciri sikili pincang kang ateges dadi wong kudu ati – ati. Anak nomer loro jenenge Petruk duweni ciri dhuwur lan irunge dhawa ateges dadi wong kudu duwe pikirang kang dhawa kanggo nylesekni masalah. Anak sing nomer telu utawa ragile jenenge Bagong duwe ciri mata lan lambene amba ateges dadi wong kudu jujur lan blaka suta.

Silsilah Kurawa lan Pandhawa



A. Sawise maca cerita "Kurawa lan Pandhawa" Isenana bagan silsilah kurawa lan pandawa ing nduwur iki !

ARJUNA	NAKULA	MADRID	SADEWA	PANDU	DURYUDANA DAN 99 ADIK	BIMA
GANDARI	DESTARATA	AMBIKA	WICITRAWIRYA	KUNTI	AMBALIKA	YUDISTIRA

B. Tariken kotak kang warna kuning kannggo jawaban kang trep ing kotak putih !

- Perang Kurawa lan pandhawa
- Satriya ing jodipati
- Pambarep Pandawa
- Panengah pandahawa
- Sing ngemong pandawa
- Sing nglakoake wayang
- Sing nabuh gamelan
- Wong wadon sing nembang ing pewayanagan
- Panggonan kanggo jejer wayang
- Geber putih ing panggung sing kanggo nampilne wayang

Punthadewa
Debog
Sinden
Punakawan
Kelir
Janaka
Werkudara
Barathayuda
Niyaga
Dalang

C. Pilih jenengen wayang kang trep !

